# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु रॉबर्ट्सगंज के डॉयट परिसर में विधायक खेल महाकुंभ कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर भइल जनसभा के संबोधित करत मुख्यमंत्री कहले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रेरणा से जब हमनी के खेलकूद क बात कइल जाला आ नया भारत क बात करल जाला त हमनी के भारत के सर्वागीण विकास के बात करेलीं। ऊहां के कहलीं कि भारत क सर्वागीण विकास तब्बे होई जब उत्तर प्रदेस विकास करी आ उत्तर प्रदेस क विकास तब होई जब हर जनपद विकास के पायदान पर मजबूती से खड़ा होई।

***केवल एक जगह के विकास से प्रदेश का विकास नहीं होगा हमें सर्वांगीण विकास की इस रूपरेखा को आगे बढ़ना होगा।जिसमें आध्यात्मिक सांस्कृतिक विरासत का विकास तो हो ही भौतिक विकास के कार्य भी हो शिक्षा स्वास्थ्य के साथ साथ रोजगार और खेलकूद की गतिविधियों को भी उतनी ही प्राथमिकता के साथ आगे बढ़ाया जाए।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री अलगि–अलगि विकास परियोजनन क नेईं धइलें आ लोकार्पणों कइले।

**********

मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर उप चुनाव बदे परचा भरले क बिहने आखिरी दिन हौ। भारतीय जनता पारटी क प्रत्यासी चन्द्रभानु पासवान आजु येह सीटि से चार सेटन में परचा भरलें। येह मौका पर भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष भूपेन्द्र सिंह चौधरी आ प्रदेस सरकार में मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह, सूर्य प्रताप शाही, दयाशंकर मिश्र दयालु, सतीश शर्मा, मयंकेश्वर शरण सिंह, गिरीश यादव आ जेपीएस राठौरो मौजूद रहलें। येह सीटि से समाजवादी पारटी क प्रत्यासी अजीत प्रसाद काल्हि परचा भरलें रहले। मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर उप चुनाव पांच फरौरी के होई आ ओटे क गिनती आठ फरौरी के कइल जाई।

**********

प्रदेस क वित्त आ  संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना आजु महाकुंभ नगर कै सेक्टर नम्बर दुइ में संविधान गैलरी क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर ऊहां के कहलीं कि ई गैलरी महाकुंभ में आवे वाले लोगिन के संविधान में दिहल गइल अधिकारन अउरि कर्तव्य के समझले बदे अनूठा मौका देइ। ऊहां के कहलीं कि–

***हमारा समाज एक कानून सम्मत तरीके से आगे बढ़े इसके लिए विशेष रूप से यह प्रयास किया गया कि यहां पर आम जन जन को सामान्य नागरिक को भी इसकी जानकारी होने का अवसर है। यहां पर इलेक्ट्रानिक सिस्टम से इस बात की भी व्यवस्था की गई है कि अगर जो भी चाहेगा तो वह ऑडियो के माध्यम से भी अपना शंकाओं का भी समाधान कर सकता है। जो जानकारी करना चाहेगा वो जानकारी भी उसको प्राप्त हो सकती है।***

श्री सुरेश खन्ना कहलीं कि ई गैलरी सज्जो वरग के लोगिन बदे संविधान कै महातम आ एकरे संरक्षण खातिर प्रेरणा क स्रोत बनी।

**********

महाकुंभ नगर में आजु दस देसन क एकइस सदसयन क अंतरराष्ट्रीय प्रतिनिधि मंडल संगम में पवित्र नहान कइलें आ संगम किला घाट अउरि त्रिवेणी घाट पर दरसन पूजन कइले। प्रतिनिधि मंडल क सदस्य हेलीकापटर से महाकुंभ के इलाका क हवाई भ्रमणो कइलें। ई प्रतिनिधि मंडल काल्हि महाकुंभ नगर चहुंपल जहवां वैदिक मंत्रोच्चार के साथे एकर स्वागत कइल गइल। प्रतिनिधि मंडल मे फिजी, फिनलैंड, गयाना, मलेशिया, मॉरीशस, सिंगापुर, दक्षिण अफ्रीका, श्रीलंका, त्रिनिदाद एण्ड टोबैगो आ यूएई क प्रतिनिधि सामिल रहल। सज्जों सदस्य महाकुंभ के इंतिजाम से गदगद नजर अइलें।

**********

केन्द्र सरकार बिना फारमर रजिस्ट्री के अब प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि क फायदा न दिहले क फैसला कइले हौ। येही कड़ी में सरकार के ओरि से फारमर रजिस्ट्री बदे एकतीस जनौरी ले क मौका दिहल गइल हौ। किसान यूपीएफआर डॉट एग्री स्टेक डॉट जीओवी डॉट इन पर पंजीकरण करा के फारमर रजिस्ट्री क प्रक्रिया पूरा कइ सकेलें। एकरे खातिर उनके लग्गे खतौनी, आधार कारड, आ आधार कारड से जुड़ल मोबाईल नम्बर भइल जरूरी हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ओन्नइस जनौरी के आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन विचार साझां करिहें। ई येह मासिक रेडियों कार्यक्रम क एक सौ अट्ठारहवीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे विचार आ सुझाव टोल फ्री नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न पर भेजल जा सकेला। मन की बात कार्यक्रम क प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शन के सगरों नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार वेबसाइट आ न्यूज ऑन ए आई आर मोबाईल एप्पो पर कइल जाला। येहकर सीधा प्रसारण आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज, पीएमओ आ सूचना अउरि प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलों पर होला।

**********

प्रदेस के पूर्वी जिलन में मौसम के सुस्क रहले आ कुहेसा के साथे कड़ेरे जाड़ा पड़ले क सिलसिला जारी बा। गोरखपुर अउर ओकरे आस–पास के जिलन में आजु भिन्नही घना कुहेसा छवले रहल आ दिन्न में हल्लुकाहे धूप निकरलि।

**********